



Haitian Creole Edition
Grade 6 Mathematics, Book 2
March 13–17, 2006

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Matematik
Liv 2

Ane **6**

13–17 Mas 2006

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

26

Yo montre yon dyagram lakou Msye Hill la anba a.

LAKOU MSYE HILL



[Pa trase selon echèl la]

Msye Hill vle plante grenn gazon nan lakou li. Li bezwen konnen ki kantite grenn li ta dwe achte. Ki sipèfisi lakou Msye Hill la?

Repons _____ pye kare

Sou liy ki anba yo, eksplike repons ou.

Kontinye

27


Nan klas Msye Fletcher a, 7 nan 20 elèv ap swiv yon pwogram boza apre klas.
Ki pousantaj elèv k ap swiv pwogram boza apre klas la?

Montre travay ou.

Repons _____ %

Pati A

Sou kadriyaj ki anba a, trase yon rektang ki gen yon perimèt 34 inite.

**Pati B**


Ki longè chak kote rektang lan?

Repons _____ inite

Kontinye

29

Mia mete pòtre andedan yon bwat tankou sa yo montre anba a.



[pa trase selon echèl la]

Pati A

Ki volim bwat la? Sèvi ak fòmil $V = lwh$.

Montre travay ou.

Repons _____ pye kib

Pati B

Si wotè bwat la double, ki volim k ap genyen nan nouvo bwat la?

Repons _____ pye kib

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou jwenn repons ou.

Kontinye

30Rezoud ekwasyon ki anba pou jwenn r .

$$r - 9 = 16$$

Montre travay ou.**Repons** $r =$ _____

31

Jou vandredi a, Lewis te wè yon sèten kantite kolibri, h . Nan samdi, li te wè 3 plis de fwa kantite kolibri li te wè nan vandredi.

Ekri yon ekspresyon pou kantite kolibri Lewis te wè nan samdi.

Ekspresyon _____

32

Avery ap konpare de ekspresyon. Premye ekspresyon an se 8^3 . Dezyèm ekspresyon an se 3^5 . Ki ekspresyon ki pi gran?

Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

33

Nan lekòl Anthony an, 25% nan 72 elèv sizyèm ane yo mete linèt oswa vè kontak.

Pati A

Konbyen elèv sizyèm ane ki mete swa linèt oswa vè kontak?

Montre travay ou.

Repons _____ elèv

Pati B

Gen 9 elèv ki mete linèt. Pami elèv ki mete linèt oswa vè kontak, ki pousantaj ki mete linèt?

Montre travay ou.

Repons _____ %

34

Kyle gen yon bwat ki genyen 60 twonbòn. Mwatye twonbòn yo an metal. Lòt pati a an plastik ki an koulè: 10 wouj, 10 vèt ak 10 ble.

Pati A

Si Kyle pran yon twonbòn owaza nan bwat la, ki pwobabilite pou twonbòn nan se plastik an koulè?

Pwobabilite _____

Pati B

Si Kyle pran yon twonbòn owaza nan bwat la, ki pwobabilite pou twonbòn nan wouj oswa vèt?

Pwobabilite _____

Sou liy ki anba yo, eksplike repons ou.

Kontinje

35

Bòdwo pwovizyon Frank lan se \$40,43. Apre Frank sèvi ak kèk kupon, bòdwo a vin \$30,35.

Pati A

Lè ou awondi pou rive nan dola ki pi pre a, **estime** kantite lajan Frank epaye.

Repons \$ _____

Pati B

Ki pousantaj Frank epaye a peprè sou bòdwo pwovizyon li?

Montre travay ou.

Repons _____ %

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 6
Matematik
Liv 2

Grade 6
Mathematics
Book 2